

# Ingene bakoresha ubu buryo bwo kwipima COVID-19 bwitwa iHealth

Turagusavye usome neza ingene bikorwa canke urabe ivYitonderwa kuw'ireresi iri kuri [ihealthlabs.com](http://ihealthlabs.com) imbere yo kubandanya.

## USABWA KUBA UFISE IBI BIKORESHO

Agakoresho ko gufata ishantiyo y'ibipimo



Agakoresho ko gufata ishantiyo y'ibipimo ugasanga indani mu ga karato !

Agapimisho karimwo utuzi



iHealth


Ikarata yo gupimisha COVID-19



## INTAMBWE YA MBERE: FATA ISHANTIYO MU ZURU RYAWE



Kuramwo ako gapimisho mu gakarato karimwo maze ugafate ku mpera yo hirya ufatiye aho hiburungushuye .




Injiza agapimisho indani mu zuru ryawe maze uzungurutse impande n'impande (nk'amasentimetero 1/2 indani).

Zungurutsa incuro 5 mu zuru rimwe rimwe.

## INTAMBWE YA KABIRI: VANGA IZO SHANTIYO WAFASHE


Kuramwo agaPfundikizo gasa n'umuhondo kari kuri ako gacupa.



Shira ako gapimisho muri ka gakoresho karimwo utuzi. Zungagiza incuro 15 .



Kuramwo ako gapimisho muri twa tuzi ariko udakojeje ku mbiga z'ako gacupa. Uhejeje uce wongera usubizeko ka gapfundikizo.



## INTAMBWE YA GATATU: PIMA IYO SHANTIYO

Kuramwo ka gapfundikizo gasa n'umucungwe uhishiye .

Fyonda amama 3 muri ka kazingi kari ku gakarata bapimisha.

Rindira iminota 15.



## INCURO YA KANE: INYISHU

Uturongo tubiri dusigura ko urwaye COVID inyishu.



\*Uturongo dushobora kudasomeka

akarongo kamwe gusa kuri "C" gasigura ko utarwaye COVID inyishu.



Nta karongo canke akarongo kari kuri "T" gasigura ko ibipimo bitagenze neza.



Nimba ufise akakubakiye, turagusavye usome amakuru kuri [cv.nmhealth.org/selftest](http://cv.nmhealth.org/selftest) canke uhamagare kuri telefone itarihishwa ijewe gutanga amakuru yerekeye ingwara ya Coronavirus: **1-855-600-3453**

